PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com




# ҚАРАҚАЛПАҚ ТЕЛЕЖУРНАЛИСТИКАСЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ

**Г.Ахымбетова –** *профессор*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** журналистика, телевидение, редактор, радио, дикторлық өнери, көрсетиўлер.
**Ключевые слова:** журналистика, телевидение, редакторское искусство, радио, дикторское искусство.
**Key words:** journalism, television, editing, radio, announcing.

Бүгинги күнде бирде-бир заманагөй инсанды телевидениесиз көз алдымызға келтирип болмайды. Телевидение пайда болыўы менен-ақ оның ышқыпазлары миллионлап адамларды қурады. Телевидение пайда болған дәслепки пайытларда ол иләҳийдадай көринетуғын еди. Телевидениеде пайда болған «үйге кирип барыў», тамашагөй менен жеке пикир алысыў, ўақыялар жүз берген пайыттың өзинде хабар бериў усаған өзгешеликлер оны дәрҳал массалық болып қалыўына алып келди. Телевидениениң хызмети менен кино, концерт, театр спектакллери усаған сүйикли көркем өнер шығармалары туўрыдан-туўры «үйге кирип келди» ҳәм ҳәммени өзине қаратып алды. Телеэкран қасында отырған адам онда жүз берип атырған ўақыяларда өзин қатнасыўшыдай сезеди. Ол репортаж бола ма яки атақлы актердиң дөретиўшилик кешеси бола ма ўақыялар менен қарысып кете береди.

Телевидение жаңалық, жаңа билимлер, түрли ой-пикирлер ғәзийнеси есапланады. Ол телетамашагөйге күшли тәсир етпекте, оның карасларын қәлиплестирип, дүньяқарасын, көркемлик қызығыўшылығын пайда етпекте.

Телевидение тез арада техника жаңалығынан өзи ҳәм көркем өнерлер арасындағы әҳмийетли байланысшыға айланып қалды. Басқаларға тийисли болған жаңалықларды бериў менен бирге өзине тийисли болған жанр ҳәм көркем шығармаларды да жаратты.

Телевидениениң сондай тез раўажланыўы оның әйтеўир бос жерде пайда болып қалмағанлығынан дерек береди. Әлбетте буның ушын техникалық тийкар болыўы керек еди ҳәм бул тийкар дәўирлер сынағынан өтип, қәлиплесип бармақта ҳәмде бағдарламаларды көркем байытыў мүмкиншилигин бермекте. Телевидениениң дөретиўшилик тийкарлары да бар еди. Әне усы тийкарлар оның табыслы раўажланыўына жәрдем берип атыр.

Телевидение кино, радио ҳәм журналистика тәжирийбелерин өзине сиңдирип барды. Нәтийжеде ҳәр бир тараў менен телевидениениң өзине тән мүнәсибетлери пайда болды. Журналистика телевидениени болажақ редакторлар, сценарий авторлары менен тәмийинледи. Радиодан телевидение бағдарлама дүзиў усыллары, дикторлық өнерин үйренди, себеби буларсыз телевидениени қәлиплескен түрде көз алдымызға келтирип болмайды. Дикторлардан телевидение түрли арнаўлы көрсетиўлерди алып барыўшыларға жетип келди.

Жетписинши жыллар телевидениениң техникалық дәрежесиниң, ал тележурналистлердиң сиясий ҳәм кәсип шеберлигиниң толық қәлиплесиў дәўири, оның идеологиялық бағдарда өткир, тез тәсийр етиўши қуралға айланыў дәўири есапланады. Бул жыллары қарақалпақ тележурналистикасы да қәлиплести, жанрлық жағынан раўажланды.

Сексенинши жыллары Қарақалпақстан телевидениеси ҳәм тележурналистикасы жаңа басқышқа көтерилди, республика жәмийетшилигиниң рухый турмысының әҳмийетли факторларына айланды. Телевидениениң қысқа ўақыт ишиндеги бундай жоқары пәтлер менен раўажланыўы ўақыт жеткен жәмийетлик зәрүрликке және баспа сөз, радио еситтириў ҳәм кинематография тәсирине байланыслы болды. Телевидениениң кино өнери менен терең ҳәм үзликсиз байланысы орнатылды. Бүгинги күнде олардың байланысы өз ара бирге ислесиў дәрежесине жетип барды. Телевидение өз раўажын көз алдымызға келтирип болмайтуғын кино тәжрийбесин өзине сиңдирип ғана қалмай, оның өзи де ўақты келип киноға тәсир қыла баслады.

Телевидение ҳәм кино ҳәр екеўи көп ғана улыўма өзгешеликлерге ийе. Киноға уқсап телевидение де көриниссиз пайда бола алмайды. Телеэкранда көринис кинодағыға

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com



усап сөз, музыка, түрли шаўқымлар менен байланыслы. Кинодағы барлық операторлық өнериниң байлығы ҳәм нәзиклериклерин телевидение өзинде жәмлеп, өзиниң өзгешеликлерине ийкемлестирди. Онда ислеген биринши операторлар кинодан өткен еди. Телевидение қәлиплесиўиниң дәслепки басқышларында оған репортаж, портрет, интервью ҳәм тематикалық фильм усаған жанрларға ийе болған ҳүжжетли киноның айырықша тәсири болды. Ҳүжжетли кинодан телевидениеге хроника, репортаж, түрли жаңалықлар түрлери бироталаға өтип қалды. Ең әҳмийетлиси телебағдарламалар қәлиплесиўиниң дәслепки дәўирлеринде киноның барлық түрлерине тән болған фильмлер кирип келди.

Телевидение де кино да бир-бирине күтә жақын, себеби олардың екеўи де тамаша көрсетеди. Бирақ олардың екеўи де өзине тән өзгешеликлерге ийе.

Кино тәжирийбелеринен үйренип, әдебият, театр, музыка кусаған өнерлер менен байланыс жасап телевидение өз жөнелиси, поэтикасын табыў ушын үзликсиз түрде дөретиўшилик излениўде болды. Бундай излениўлер барысы аңсат болмады. Улыўма излениў, жаңаланыў телевидениеге тән өзгешелик болып қалды. Солай етип, ўақыялары өтмиш пенен байланыслы гейпара көрсетиўлер бағдарламадан түсип қалды, дәўир ҳәм телетамашагөйлер талапларына жуўап беретуғын жаңа көрсетиўлер пайда болды. Нәтийжеде бүгинги заманагөй телевидениеде еки түрдеги көрсетиў беккем орын алды. Булардың биринши ҳүжжетли яки ўақыялық, екиншиси көркем көрсетиўлер. Бул еки түрдиң өз жанрлары да бар. Кинодағыға қарағанда телебағдарламаларда жанрлар көбинше араласып кетеди. Бир жанрдағы көрсетиў екиншиси менен қарысып, синтезлесип кетеди. Мәселен, ҳәр қандай концерт көрсетиўи түрине қарап хабар жанрына, мазмунына қарап болса, көркем телевидениеге туўра келеди. Концертли көрсетиўде репортаж, публицистика усаған жанрлар синтезлесип кетеди. Қарақалпақстан тележурналистикасының пайда болыўы да радио – журналистика менен тығыз байланыслы болды. Радиоеситтириў менен телевидениениң бирге болыўы телевидениениң тез өз қәддин алыўына жәрдем етти. Дәслепки ўақытлары телевидениеде радио журналистлер иследи. Радио менен тележурналистиканың жанрлық усылларының бир-бирине жақынлығы, олардың бир-бирин байытып барыўына жақсы тәсир етти.

Дәслепки тележурналистлер Ғ.Сейтназаров, В.Копылов ҳәм басқалар баспасөз, радио еситтириў тараўында бирнеше онлаған жыллар даўамында ислеп ысылған, мол тәжирийбе топлаған журналистлер еди. Олар өз үстилеринде иследи, тележурналистика туўралы әдебиятларды оқыды, Ташкент телевидение студиясында дөретиўшилик сапарларда болып, тәжирийбе арттырды, жаңа жанрдың өзгешелигин табанлылық пенен өзлестирди. Дөретиўшилик талас-тартыс ҳәм тәжирийбе алмасыў арқалы қарақалпақ тележурналистикасының тырнағы қаланды.

Телевидение тарийхы бул телевизиялық техникалар тарийхы ғана емес, ал соның менен бирге телевидение жанрлары менен көрсетиўлери формасының пайда болыў, раўажланыў, қәлиплесиўиниң эволюцияланыў тарийхы болып та есапланады.

Телекөрсетиўлердеги көплеген машқалалар арасында жанр машқаласы шешиўши әҳмийетке ийе. Өзбекстан телевидениесиндеги жанрлар менен көрсетиў формаларының раўажланыўы, олардың өзгерип барыў процеси Қарақалпақстан телевидениеси ушын да көп жағынан характерли. Бул дурыс та. Өйткени үлкен телевидение қандай жолды басып өткен болса,, өзиниң киши болыўына қарамастан, Қарақалпақстан телевидениеси де сондай қыйын, машақатлы жолды басып өтти. Бирақ үлкен телевидениелердиң тәжирийбесине сүйенген Қарақалпақстан телевидениесинде бул процесслер жеңил ҳәм тез өткен болыўы мүмкин.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Х.Абдусаматов «Драма назариясы» Тошкент. Ғ.Ғулом номидаги адабиет ва санъат нашриети. 1999 й.
2. Т.Мәдиреймов «Телевидение жәриялылық қуралы» Нөкис. «Қарақалпақстан» 1989 ж.
3. Қ.Мәдиреймов «Кәлбим сүйген кәсип». Нөкис. «Қарақалпақстан» 2009 ж.
4. А.Турекеева «Телережиссёр Дәмегүл». «Арал қызлары» журналы 1-2 – санлары 1994.
5. М.Мухамедов, Ф.Файзиева, В.Абяяева «Телевидение асослари». Тошкент «Ворис» нашриёти. 2009 й.

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

PDF-XChange Viewer Click to buy NOW! www.docu-track.com

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада қарақалпақ  тележурналистикасының қәлиплесиўи, Қарақалпақстан тележурналистикасының пайда болыўы  радио – журналистика менен тығыз байланыслы болғанлығы сөз етиледи.

**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о том, что формирование каракалпакской тележурналистики и появление тележурналистики в Каракалпакстане тесно связаны с радиожурналистикой.

**SUMMARY.** The article discusses the formation of Karakalpak television journalism and its close connection to radio journalism.

## AKTYORLÍQ KÁSIBINDEGI PSIXOLOGIYALÍQ KESELLIKLER

**Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovich** – *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filiali*

**Tayanch so'zlar:** aktyorlik kasbi, madaniyat va san'at, aktyorlik kasbining tabiati, aktyorlik kasbining ruhiy kasalliklari, sahna qo'rquvi, kasbiy depressiya, shaxsiyat buzilishi.

**Ключевые слова:** актерская профессия, культура и искусство, природа актерской профессии, психические заболевания актерской профессии, страх сцены, профессиональная депрессия, расстройство идентичности.

**Key words:** acting profession, culture and art, nature of the acting profession, mental illnesses of the acting profession, stage fright, professional depression, identity disorder.

Házirgi kúnde mádeniyat hám kórkem óner tarawı xalıqtıń aynası, onıń mádeniyatı hám keleshegi ekenligi sır emes. Mádeniyat hám kórkem ónerdi siyasiy dárejege shıǵarǵan mámleketler ózligin hám tariyxın joytpawı anıq. Sonlıqtan da prezidentimiz " mádeniyat hám kórkem óner tarawın jáne de rawajlandırıwǵa qaratılǵan qosımsha ilajlar " [1] haqqında prezident qararın shıǵarıp, mádeniyat hám kórkem óner tarawına kóplegen imkaniyatlar berip kelmekte. Bul, imkaniyatlardan mádeniyat hám kórkem óner tarawı qániygeleri orınlı paydalanıwı kerek. Mádeniyat hám kórkem óner tarawınıń tikkeley aǵzası esaplanǵan "aktyor" lar imkaniyatlardan orınlı paydalanbaqta. Degen menen aktyorlıq kásibi mashaqatlı kásiplerdiń biri bolǵanlıqtan, aktyordıń kásiplik shınına jetiw ushın, ózliginen kelip shıǵıp ruwhiyatına da imkaniyatlar hám waqıt ajratıw kerek. Amerikalıq aktyor Pol Nyumanıń pikirinshe "Aktyor bolıw qanday da bir nárseni dóretiw emes, dóretiwshiligin túsindiriwden ibarat" [12]. Aktyordan tek ǵana dóretiwshilik penen shuǵullanıw emes, dóretiwshiligin jetkerip beriw kerekgi mashaqatlı kásiplerdiń biri ekenligine dálil bola aladı.

Aktyorlıq kásibi, ǵalabalıq hám emocionallıq kásiplerdiń biri bolıp, aktyordan dóretiwshilik sheberlikti talap etip qoymay, psixologiyalıq qıyınshılıqlarǵa tótepki beriw hám salamat psixikalıq jaǵdayın saqlap qalıwdı da talap etedi. Bunday mashaqatlı kásiplik iskerlikte xızmet alıp barıwshı taraw qánigeleri, insanlardıń júrek tórinen orın alıp, aktyorlar haqqında qızıǵıwshılıq oyatıp kelgen, sonlıqtan  aktyordıń ishki keshirmeleri, minez-qulqı hám jeke ómiri haqqında maǵlıwmatlar keń jámiyetshilik itibarın tartadı. Sózimizdiń dálili sıpatında  Xit Ledjer yamasa Merilin Monronıń  ómiri, aytqan áńgimeleri, baxıtsızlıqları hám ólimi haqqındaǵı gúrrińlerdi keltirsek boladı. Aktyorlıq kásibi zamanagóy jámiyette intellektual rawajlanıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttırıw hám kórkem ónerdi en jaydırıw ǵana emes, bálki insanlardıń sezimlerin oyatlıw, olarǵa emociya baǵıshlaw, unamlı minez qulıqlardı payda etiriw, shaxslar ara qarım-qatnastı rawajlandırıw, hátteki dipreciya hám stes sıyaqlı psixikalıq jaǵdaylardı bosastırıw bolıp esaplanadı. Bul kásip iyeleri insanlardıń psixikalıq salamat jaǵdayına unamlı tásir etedi. Bıraq, olar mashaqatlı kásibinin sebebinen basqa kórkem óner tarawı wákillerine salıstırǵanda depressiya hám psixikalıq qáwipli sozılmalı keselliklerge eki ese kóbirek dus keledi [6]. Soraw payda boladı: aktyorlıq kásibi shınında  da ayrım psixikalıq keselliklerge sebep bola ma yamasa psixikalıq keselliklerge biyimli bolǵan insanlar aktyorlıq kásibin tańlay ma ?

**Aktyorlıq kásipiniń tábiyatı jáne onıń psixikaǵa tásiri.** Biz bul maqalamızda joqarıdaǵı sorawǵa  juwap tabıwǵa háreket etemiz. Basqa shaxslardıń obrazına kiriw, jámiyettiń qızıǵıwshılıq basımı hám ataq abraydıń kepillenbegenligi aktyordı ruwhıy sınaqtan ótkeriletuǵın jaǵdaylarınıń biri [8].  Aktyorlıq kásibiniń ayırmashılıqlarınıń biri, ol insannıń haqıyqıy hám jasalma dúnyası arasındaǵı turaqlı teń salmaqlılıqtı talap etedi. Bul turaqsızlıq, túrli insan keypine kiriw aktyor psixikasın zorıqtıradı. Sebebi, aktyorlar rolin atqarıw menen birge – olar